Муниципальное образование «Кошехабльский район»
Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение
«Средняя общеобразовательная школа №1»

Адыгабзэм иегъэджэн иметодик.

Фонетикэр.

Зытхыгъэр: адыгабзэм ик1элэегъаджэу
Чыржьын Ф.А.
МБОУ СОШ №1
къ.Кощхьабл

Адыгабзэм иегъэджэн иметодик

Фонетикэр.

Дунаеу тызытетым бзэм нахь гъэш1эгъонрэ нахь уасэ зи1эрэ зыми ущы1ук1энэп.

Лъэпкъ зэфэшъхьафэу дунаим тетхэм ыпэ рапш1эу уакъыхэзгъэщырэр бзэр ары. Ащ акъылыр къегъэущы, лъэпкъыр щегъа1э,ц1ыфым идунэееплъык1и, игупшыси, игулъыти къыри1отык1ынэу амал къыреты. Бзэр ары хэтрэ лъэпкъи ылъапсэр,инасыпыр,игуш1уагъор. Арыба ныдэлъфыбзэк1э зык1еджэхэрэр.

Ныдэлъфыбзэр – культурэм, гъэсэныгъэм яджэныкъо маш1у. А маш1ор мык1осэным пае зы амал и1эр- зэпыуп1э имы1эу лъэпкъыр иныдэлъфыбзэ дэлэжьэн фае. Сыда п1омэ, лъэпкъ ц1ык1ухэр к1одыжьыным ищынагъо щы1эу а1о ш1эныгъэлэжьхэм. Зэк1эхэмк1и нафэ, бзэр зык1одыжьк1э, лъэпкъыри мэк1оды. Иныдэлъфыбзэ лъэпкъым ош1э-дэмыш1эу, ау сыдми ч1инэжьырэп , ш1улъэгъоу ащ фыри1эри к1уасэрэп. Максим Горькэм зэри1ощтыгъэу,ныдэлъфыбзэр сабыим ыпкъынэлынэ хэлъэу ным къелъфы, арышъ, ныр ш1у зэрэплъэгъурэм фэдэу, ныдэлъфыбзэри ш1у умылъэгъун плъэк1ыщтэп. Арыба к1оч1эшхо хэлъэу адыгэмэ зык1а1уагъэр: «Ц1ыф лъэпкъым ыпсэ - ыбзэгу». Адыгэхэр тарихъ лъэпсэ куу зи1э ижъырэ лъэпкъхэм ахалъытэ. Тилъэпкъ гъогуонэ к1ыхьэ къык1угъ: къини къяк1угъ, гуш1уагъуи рихьыл1агъэх. Сыд фэдиз къин къызак1уи, джы къызнэсыгъэм лъэпкъыр к1одыгъэп,бзэри ч1анагъэп.

Умыгъэш1эгъон плъэк1ыщтэп: ущ фэдиз бэлахьэу ащэчырэм хэтхэ пэтзэ, еджэныгъэ – гъэсэныгъэм и1оф зы1эк1агъэзыгъэп. Бэрсэим, Нэгумэм, Шэрэл1ыкъом охътэ зэфэшъхьафхэм адыгэ тхак1эр къыхахыгъ. Адыгэхэм тхэн 1офыр я1энымк1э апэрэ лъэбэкъухэр я 18 - 19 – рэ л1эш1эгъухэм аш1ыгъэх.

Адыгабзэр - бзэ куу, бзэ гъэш1эгъон дэд. Тыбзэ изэгъэш1эн,икъэ-

ухъумэн, тыкъэзыуцухьэрэ щы1эныгъэм илъэныкъо пстэуми ащыдгъэпытэн,ащк1э хэти 1эк1элъ амалыр икъу фэдизэу ыгъэфедэн фае. Бзэм изэгъэш1эн лъэпкъ 1офэу зэрэщытыр, нэбгырэ пэпчъ ар зэрэтипшъэрылъыр, ащк1э пшъэдэк1ыжь тхьын фаеу зэрэщытыри къыдгуры1он фае.

Хэтрэ ц1ыфи зыщыщ лъэпкъым игугъу,ыц1э дахэк1э,щытхъугъэк1э къыра1оу зэхихымэ гопэшхо щэхъу, рэгушхо, ыгук1э рэзэныгъэ хегъуатэ. Арышъ, сэ сипшъэрылъыр к1элэеджак1охэм ш1эныгъэ куухэр язгъэгъотыныр, ахэр ящы1эныгъэ щагъэфедэжьыным фэзгъэсэнхэр, абзэ , якультурэ, ятарихъ ш1у язгъэлъэгъуныр, уасэ фязгъэш1ыныр,тиадыгэ хабзэхэм атетэу псэунхэр ары.

Бзэм имэхьанэ, адыгабзэм инэшанэхэр, мэкъэ системэу и1эр, играмматическэ гъэпсык1э, игущы1э зэхэлъык1э, къэ1ок1э - ш1ык1эу и1эр к1элэеджак1охэм зэрагъэш1эным мэхьанэшхо и1. Ар лъапсэу бзэм иегъэджэн фэхъу, 1эпэ1эсэныгъэ ык1и къулайныгъэ гъэнэфагъэхэр ныдэлъфыбзэм иурокмэ к1элэеджак1омэ щагъоты.

Сэ сыкъызтегущы1эмэ сш1оигъор фонетикэр ары, сыда п1омэ адыгабзэм имэкъэ системэ лъэшэу хьылъэу щыт. К1элэеджак1охэр тэрэзэу къеджэхэу ык1и тхэхэу есэнхэмк1э адыгабзэм ифонетикэ мэхьанэшхо и1 .Мыщ ылъапсэхэр к1элэеджак1охэм дэгъоу аш1эмэ, бзэм хэхъухьэрэ зэхъок1ыныгъэхэр агуры1онымк1э 1эпы1эгъу хъущт. Фонетикэр дэгъоу зызэрагъаш1эк1э, тхэнымрэ жабзэмрэ зэрэзэфыщытхэр агурэ1о.

Пшъэрылъэу зыфэзгъэуцужьырэмэ зэу ащыщ макъэмрэ буквэмрэ зэхамыгъэк1уак1эу, зэтырафэу есэнхэр.Макъэхэр къэтэ1ох ык1и зэхэтэхых, буквэхэр тэтхых ык1и тэлъэгъух. Ау къат1орэ макъэм фэмыдэу, буквэхэр ттхыхэу къыхэк1ы. Мыщ къыхэк1ык1э, к1элэеджак1омэ атхырэ 1офш1энмэ хэукъоныгъэхэр хаш1ыхьэх. Алфавитым хэт бук - вэмэ ямэхьанэ,гущы1эм имэкъэ гъэпсык1э ехьыл1эгъэ ш1эныгъэхэр игъэк1отыгъэу, зэк1э къызэлъызыубытрэ мэкъэ - буквэ зэхэфыныр зэрэзгъэфедэрэм иш1уагъэ къэк1о. 1офш1эн гъэнэфагъэхэр агъэцак1эзэ, к1элэеджак1омэ буквэри макъэри зэхамыгъэк1ухьэу есэх.

Фонетикэмк1э я 5 – рэ классым ш1эныгъэ зэфэшъхьафхэр к1элэеджак1охэм щагъоты:

1) макъэхэмрэ буквэхэмрэ яхьыл1агъэу я1э ш1эныгъэхэр нахь куу аш1ы;

2) бзэм хэт макъэхэр мэкъэзещэхэу ык1и мэкъэзэращэхэу зэрэхъурэр;

3) мэкъэ чанхэмрэ мэкъэ дэгухэмрэ;
4) буквэ къызэрык1охэмрэ буквэ зэхэлъхэмрэ:буквэ зэхэлъхэр гъэпсы-гъэ зэрэхъухэрэр (ъ,ь,1 – ягъэфедэн);
5) буквэхэу –к1-,-г-,-хь-,-дж- къызэра1охэрэр;
6) зещэхэр къызэрык1охэу ык1и зэхэлъхэу зэрэхъухэрэр.
Мэкъэзэращэу адыгабзэм хэтыр нахьыб,ахэр 54- мэхъу;мэкъэзещэхэр 10 – мэхъу.Мэкъэзэращэ бэдэдэ зэрэхэтым иш1уагъэк1э,тигущы1эхэр зэфэшъхьафэу къэ1уагъэхэу мэхъу.Мэкъэзещэхэр нахь мак1эми,гущы-1эхэр нахь дахэ ш1ыгъэнымк1э агъэфедэх.Мыхэр хэмытымэ,гущы1э -хэр зэхэхыгъуай,къэп1онк1и къины мэхъу. Мы темэр дгъэпытэжьы –ным фэш1 1офш1эн зэфэшъхьафхэр тэш1ы:

Словарнэ диктант тэтхы, ащ мэкъэзещэ къызэрык1охэр зыхэт гущы1эхэр къыхатхык1ы,ет1анэ –зэхэлъхэр зыхэтхэр (унэ,гъатхэ,к1ы-маф,къаз,пшъашъэ,к1алэ,къазгъыр,уашъо,гъунэ,мэш1оку,бзыу). – Джы зещэхэр адэшъухи гущы1эр зэрэхъурэм шъуеплъ.
Сабыйхэм аш1огъэш1эгъонэу гущы1эхэр къа1о,гущы1эм мэхьанэ имы-1эу зэрэхъурэм егъэщхых.

- Чылэгъуитф къэшъутх,ахэмэ мэкъэзещэхэу ахэтхэм къак1эжъу-гъэтхъ.(къуаджэу тиреспубликэ итхэр аш1эным фесэгъасэх,зещэхэр зэхамыгъэк1ухьэу атхыным есэх).

Сурэтыш1хэм язэнэкъокъу зэхэсэщэ :карточкэхэм буквэхэр инэу атет,зэпырысэгъазэхэшъ столым тесэлъхьэ билетым фэдэу,к1элэеджа-к1охэм къыхахы,буквэу къатефагъэм елъытыгъэу сурэт къаш1ы: [с]-сыхьат, [у]- унэ,уатэ,уты, [ч]-чэмы,чэтыу... ык1и нэмык1 1офш1энхэр.

Мыщ фэдэу урокхэр гуш1уагъоу,гъэш1эгъонэу бгъэпсыхэ зыхъу –к1э,к1элэеджак1охэм темэхэр нахь къагурэ1о.

Мэкъэ дэгухэмрэ мэкъэ чанхэмрэ язэгъэш1эн зедгъажьэрэм, к1элэеджак1охэм анахьэу зына1э тырязгъадзэрэр, мэкъэ чан пэпчъ мэкъэ дэгу пыщытын зэрилъэк1ыщтым фэшъхьафэу, адыгабзэм зы мэкъэ чаным мэкъэ дэгуит1у къыпыщытын зэрилъэк1ыщтыр ары.
[б]- [п],[п1];[г]- [к],[к1]; [д]- [т],[т1]; [дз]- [ц], [ц1]; [дж]- [чъ], [ч1]; [дж]- [ч], [к1]; [жъ]- [шъ], [ш1]; [л]- [лъ], [л1].

Мыхэмэ яхьыл1эгъэ 1офш1энхэр зэрагъэцак1эрэм нэмык1эу зэнэкъокъухэр зэхэсэщэ.Мы буквэхэр хэтэу гущы1эхэр къаугупшысы, а гущы1эхэр хэтэу ет1анэ гущы1эухыгъэхэр зэхагъэуцо. Гущы1эухыгъэр тэрэзэу гъэпсыгъэу къа1оным сына1э тесэгъэты. Ряд пэпчъ тхьапэхэр ясэты – зы рядым мэкъэ чанхэр къэлэм плъыжьк1э къатхы, адрэ

рядым мэкъэ дэгухэр гъожьк1э къатхы.Нахь псынк1эу къэзытхырэр тек1о.

Одыджынхэр ясэты - мэкъэ чанхэмрэ мэкъэ дэгухэмрэ чэзыу-чэзыоу псынк1эу къэсэ1о: мэкъэ чаныр къызыс1ок1э одыджыным теонхэ фае,мэкъэ дэгур къас1омэ одыджыныр агъэсысрэп.Хэукъорэр къыдэк1ышъ,е усэ,е 1уры1упчъэ,е хырыхыхьэ къе1о.

Классэу езгъаджэрэм изытет,ащ ис к1элэеджак1омэ яш1энытъэ зыфэдэм, ягулъытэ – гупшысэхэр зынэсырэм елъытыгъэу егъэджэн 1офыр зэхэсэщэ. К1элэеджак1омэ язгъэш1эрэ материалыр нахь агурызгъэ1оным фэш1,а материалэу зэрагъаш1эрэр нафэ къыш1эу, гу-ры1огъош1ухэу щысэхэр щытынхэм сына1э тесэгъэты.1офш1эгъум илъэхъан згъэгу1эхэрэп, сыда п1омэ к1элэеджак1охэр гупшысэн алъэк1эу, ягупшысэхэр зэфахьысыжьхэзэ 1оф аш1эн алъэк1ынэу езгъэсэнхэм сыпылъ.

Анахьэу сабыйхэм къины къащыхъурэр мэкъэ 1ужъухэр ары. Зикъеджэн, зикъэ1он къины къафэхъурэ макъэхэр тэрэзэу к1элэе-джак1охэм зэхахыным ык1и ащ къэ1уак1эу я1эр къызэрагуры1оным тетэу 1офш1энхэр зэхэсэщэх:зэхэугуфык1ыгъэу макъэр къэсэ1о,ет1анэ къясэгъэ1ожьы.Мы макъэхэр хэтэу гущы1эхэр къаугупшысы, а гущы1э-хэр хэтэу ет1анэ гущы1эухыгъэхэр къатхы,къяджэжьых . Мэкъэ 1ужъу - хэр хэтэу усэ ц1ык1ухэр, 1уры1упчъэхэр, хырыхыхьэхэр зэрагъаш1эх, къа1ох, ищык1эгъэ макъэхэр къыхагъэщы. Гущы1эм пае:

Ш1у зыш1эрэм ш1у фыщылъ (гущы1эжъ)

Жъоным дэмышъхьахырэр фыгум щык1эрэп (гущы1эжъ)

Шы ш1уц1эш1ум л1ы ш1уц1эш1у тес (1уры1упчъ)

1эш1ур зыгъэдыдж,дыджыр зыгъэ1эш1у (хырыхыхь –щыгъу)

Жъогъуит1умэ азыфагу 1уашъхьэ дэт (хырыхыхь –пэ)

Зэхэпхъагъэу карточкэхэм мыщ фэдэ гущы1эхэр атетэу ясэты, ахэр зэ-хадзы,столбик зырыз аш1ы гущы1эухыгъэ зырыз а гущы1эхэр хэтэу къатхы: шъутхыгъэ,жъугъэтхъагъэ,маш1о, шъуае, жъуагъэ, ш1уфэс, жъонак1у,жъуагъо ,шъулъэсыгъэ,ш1уц1э , жъудыгъэ, ш1ои.

К1элэеджак1охэу къэбэртэе диалектыр зы1улъхэмк1э, мы мэкъэ 1ужъухэр къины мэхъу: [жъу]-*м* ыч1ып1эк1э [в]-*р* къа1о; [шъу]-м [ш1у]-м ыч1ып1э [ф]-р къа1о ык1и атхы. (вагъо,маф1э,ф1ыц1э)

Сабыйм нэрылъэгъоу ылъэгъурэр нахь гуры1огъош1у мэхъу. Ащ пае проекторымк1э темэм елъытыгъэу слайдхэр,гущы1ак1эхэм ятхы –

к1эхэр къытыресэгъадзэх.Информационнэ технологиехэр зыщыгъэфедэгъэ урокхэр к1элэеджак1охэм нахь аш1огъэш1эгъоных.



1.Карточкэхэу псэушъхьэхэр зэрытхэм ягъэфедэн.

Мышъэр мэкIуашъэ,
Мэкlуашъэ ишъыпкъэу.
Шъоум ар лъэхъу,
Шъыпкъэ, икIас ар!

Макъэу [шъ] къыкIаIотыкIыжьы, агу раубытэ.

ТхьакIумкIыхьэр пкIэтэ-лъатэу зэ дэпкIае, зэ къепкIэхы.

Макъэу [кI] — м фэгъэхьыгъ. КI — м буквитIу къызэрикIрэр къыхэсэгъэщы.

Баджэр тхьагъэпцI ау дахэ.

ПцIыус, ау шIыкIэшIу.

ЧыизэфэшIыгъэ макъэу [цI] къыхагъэщы. Баджэм изекIокIэ — шIыкIэхэм ахэлъ дэири дэгъури зэголъэу афэсэIуатэ.

2. IурыIупчъэхэм ягъэфедэн.

Мы щырыкъу шIуцIэхэр сэ зэрэсшIошIуцIэм фэдэу ори пшIощырыкъу шIуцIэха?

Мы упчIэм иджэуап къыраты. Макъэу [шIу] къыхагъэщы. IурыIупчъэр къаIожьы, яжабзэ зеушъомбгъу.

Бзыужъые кIэгъэшкуашкор сэ зэрэсшIобзыужъые кIэгъэшкуашком фэдэу ори пшIобзыужъые кIэгъэшкуашкуа?

Макъэу [жъ] къыхащы. IурыIупчъэр къыкIаIотыкIыжьы. Жэбзэ къабзэкIэ къызэрэзгъэгущыIэщтхэм Iоф дэсэшIэ.

3. Кроссвордхэр.

Кроссвордхэр зэхэсэгъэуцох, кIэлэеджакIомэ якIасэу къашIы.Ахэр темэу акIурэм есэпхых, зэфэхьысыжьым щэсэгъэфедэх.

«Къыхэгъэщ мэкъэ Іужъухэр»

				1.	КЪУ	ШЪ	ХЬ	Э
2.	ГЪУ	Н	Э	ІГЪУ				
				3.	ХЪУ	С	Е	Н
		4.	М	Э	КЪУ			
				5.	ЦУ	М	П	Э

УпчІэхэр:

1. ЫшъхьагъОс телъ, лъагэу Іэтыгъэ, удэкІоенкІэ чыжьэ.
2. Партым къыбдыдэс, шъуищагу къыкІэрыс унагъу.
3. ЛІыхъужъэу Андырхъуаем ыцІ.
4. Чэмым ишхын, мэлми раты.
5. Гъэхъунэм къыщэкІы, плъыжьы, ІэшІу.

Ребусхэр.

Ребусхэм якъэшІын Іофыгъо гъэшІэгъонмэ ащыщ. Ащи изыІахь сиурокхэм щясэты, гущыІэлъэ диктантхэми ащэсэгъэфедэ.

БЖЫ

ЛЪА

У



Бзэ урокхэм анахь мэхьанэ зэстырэмэ ащыщ гущы1эмэ ятхык1э. Хэукъоныгъэхэр гущы1эмэ хамыш1ыхьэу атхэу зесэхэк1э диктантхэри,изложениехэри,сочинениехэри дэгъоу атхыщт. Ащ пае урок пэпчъ гущы1э къинхэм ятхык1э 1оф дэтэш1э. Гущы1эм и1ахьэхэр къыхагъэщых, ямэхьанэхэр къа1о,ахэр хэтхэу гущы1эухыгъэхэр зэхагъэуцох,ак1агъэтхъы,творческэ 1офш1энхэр агъэцак1эх. Текстхэм 1оф адэтэш1э, анализ аш1ызэ гущы1эхэмэ къарык1ырэр къа1о, зэрэтхыгъэр зэхэтэфы.

К1эухым къас1омэ сш1оигъу: еджэрэ к1алэхэм лъэпкъым ыбзэ идэхагъэ зыфэдэр агурызгъэ1ошъоу ,ар ш1у язгъэлъэгъоу, ащ идэхагъэрэ, ибаигъэрэ зэхязгъэш1эшъоу ,яжабзэ ихэгъэхъон сыдэлажьэмэ , 1упк1эу,зэгъэк1угъэу тхэщтых ык1и гущы1эщтых.